



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON DIREKTÈ KOMINIKASYON DANI LEVER KONSÈNAN LEKÒL YO

"Lwa eta a ki reji fèmte oswa ouvèti lekòl ak biznis yo te anvigè depi pandemi an te fèk kòmanse epi tout desizyon sa yo se gouvènman eta a ki te pran yo men se pa gouvènman lokal la. Sètènman eta a konsilte avèk pati enterese lokal yo epi lè sa gen pou wè ak ouvèti lekòl yo nan Vil New York, nou pral konsilte paran, pwofesè, responsab sante ak responsab lokal eli yo - men Gouvènè a te di nenpòt desizyon ap twò bonè nan nivo sa epi n ap bezwen swiv kijan viris la devlope.

Gouvènè a te di tout distri lekòl yo tou pou gen plan yo pare pou 'nouvo nòmal' la nan ka lekòl yo ka ouvri. Gouvènè a espere lekòl yo ap re-ouvri men p ap mete andanje sante elèv oswa pwofesè yo epi ap pran desizyon an yon fwa nou gen plis enfòmasyon aktyèl.

Nou valorize opinyon politisyen lokal yo epi 700 distri lekòl lokal eta a konsènan sa ki ta dwe fèt men piblik la pa dwe twouble sou desizyon enpòtan sa ki gen konsekans reyèl pou anpil moun".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)